

Pyebwa, Renal

Dat Fokis gwoup la fèt 2/02/18

Lis patisipan

#2: Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.

#5: Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.

#15: Fi, 32 ane, 2 timoun, Komèsant, 6 èm ane fondamantal.

#16: Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon 36484982.

#17: Gason, 37 ane, 3 Timoun, mason, Ebenis, 4èm segondè.

#18: Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo, 4802- 84-33.

#19: Gason 71 ane, 9 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.

#20: Gason, 90 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.

#41: Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.

Entwodiksyon

Tim: Oke! Nap konmanse kounye a, m'gentan ba'w esplikasyon kisa nap fè, kounye a nap jis poze kèk kesyon sou, nap konmanse avèk pyebwa yo, konmsi kip, ki, ki pyebwa nou gen bò isit? Ou mèt reponn 18.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Pyebwa'n gen bò isi a? nou gen mango, nou gen zaboka, nou gen frèn, nou gen kajou. ou konprann?

Tim: Wè, ki Kisa ankò?

Piblik: Lam veritab, labapen.

Islande: Eee gon'w bagay nou bliye fè, nou pa di nimewo kap pale.

Tim: Wi! Kounya, lè yo pale koze pou jis pou pran lis non yo.

Tim: *Kisa ankò, ki pyebwa nou gen ankò?*

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Nou gen veritab.

Tim: Ou sot di veritab, Kisa ankò?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Nou gen labapen.

Tim: Labapen.

Piblik: Nou gen papay.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Pyès kanpèch.

Tim: kanpèch!

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Pyès kanpèch wi rak kanpèch.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Bawonn.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Nou gen bawonn, nou gen...

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Epi nou gen kajou.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Sikren.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Nou gen gonmye.

Tim: Gonmye.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Nou gen bwa panyòl.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Nou gen monben.

Piblik: Anpil pyebwa'n genyen, Nou gen tout kalite pyebwa.

Tim: Èske se plante nou?

Islande: Site yo.

Tim: Èskow plante nou plante yo oubyen? konmsi ou menm 18 dènye fwa ou te plante yon pyebwa, kilè li te ye?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): A! m toujou, m'toujou plante pyebwa wi.

Tim: Ebyen ou plante yonn yè, semèn pase, ane pase?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, m'toujou plante pyebwa.

Tim: Dènye fwa ou plante yonn ki lè li te ye?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Bon, m plante yon pyebwa nan desanm nan la.

Tim: E ki kalite li te ye?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): On, on lam veritab.

Tim: E ou menm ki nimewo' w? #17.

Tim: Dènye fwa ou plante yon pyebwa?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Premye janvyè, m te plante yon pye lam.

Tim: Epi ou menm mèdam ki nimewo'w ye? #2 dènye fwa ou plante yon pyebwa? Siw pa plante yonn di'w pa plante.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): M pa plante.

Tim: Ou pa plante epi ou menm 20? # 41?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Non'm pat plante.

Tim: E ou menm 15?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun komèsant 6 èm ane fondamantal.): M'pa plante.

Tim: 5?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Premye janvye a, m plante de pye kokoye .

Tim: E ou, hmmm è 2, dènye fwa 'w plante, 20 dènye fwa ou plante {yon pye}?

Islande: Dènye fwa ou plante yon pye kokoye? Dènye fwaw plante yon pyebwa?

Marco: Li ka kenpòt lè, li ka ane pase.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): M plante.

Tim: Ane sa, ane pase ou pa bezwen konnen egzat?

Marco: *Ane pase, oswa kenpòt lè?*

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Ane pase m plante, m'plante on pye, on pye mango.

Tim: Pye mango, {E} e 16?

Marco: 16, nimewo 16?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Avanzye, m plante twa pye veritab.

Marco: Ane sa la?

Tim: oke ! E ou menm 19, ou se 19?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, m'plante veritab, m'plante labapen.

Marco: Nan ki ane' w plante?

Tim: Ane sa?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Ane sa.

Tim: Oke, enben nou renmen plante pyebwa? Èske'w konn kite yo jis pouse pou kont yo?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Genyen'k pouse pou kò yo.

Piblik: [Wi, genyen'k pouse pou kont yo]

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Nou plante pye.

Islande: Yo konn plante pye labapen?

[Vwa piblik: Wi]

Tim: Kotow jwenn semans sa oubyen?

[Vwa piblik, e grenn labapen an, grenn nan pouse nou plante'l]

Tim: Ou pa {al} nan pepinyè pou li se ou ki fèl?

[Piblik: Ou fè afè pou kont ou]

Tim: Ou plante bò kay la, nan yon ti sachè ou byen?

[Vwa Piblik: Non nou pa vlope'l nan sachè, nou mete'l atè konsa].

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Li gendwa pouse a tè a konsa, aprè ou level...

Tim: Savledi ou ka jwenn ni la ap pouse?

Islande: Tankou veritab, veritab fè pitit ; ti pitit la yo ou rache yo, ou replante'l.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, yo reprodwi.

Tim: Oke, men ou pa gen pepinyè nan zòn nan?

[Vwa piblik: Non]

Tim: Èske' {ou} w te genyen'l ou pat janm gen yonn nan zòn nan?

[Vwa Piblik: Wi nou te konn genyen.]

Tim: Kilè ou te genyen?

[Vwa Piblik: Aprè tan,tout desanm nan la]

Tim: kiyès ki te patron li?

[Vwa Piblik: Epè]

Tim: EPER,oke,ee.

Islande: Kisa yo di si'n te genyen an?

[Vwa Piblik: Pepinyè]

Islande: Kisa ki nan pepinyè a?

[Piblik: Chou, kawòt, berejèn, tomat]

Tim: O! Se pou jaden?

[vwa Piblik: Sa se pou jaden]

Tim: Oke, nan pyebwa nou tap pale talè, ki pyebwa ou plis renmen?

[Vwa Piblik: Bon nou renmen tout pyebwa]

Marco: Gen yonn nou renmen plis?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Nou renmen kajou, nou renmen veritab nou renmen labapen.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Tout pyebwa depi esa nou wèk enpòtan nou jere yo.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Nou renmen frenn tou, gende lè nou gendwa konpel, nou siye'l.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): *Tout itil.*

Tim: *Tout itil?* [vwa Piblik: *Wi tout itil*] Tim: *Oke, an an ann...Poukisa yo itil, sa pyebwa ba wou, konmsi ok gen fwi, gen mango?*

[Piblik: *Wi yo bay fwi*]

Tim: *Kisa ankò? Gen akajou li bon pou ki?*

Piblik: [*Pou'w siye, pou'w fè planch Pou'w fè mèb.*]

Tim: *Planch?*

[Piblik: *Tab, kabann, mèb*]

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Pou'w fè sèkèy, sèkèy...*

Tim: *Sèkè?*

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Sèkèy.*

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): *Frenn, frenn.*

Tim: *Frenn?*

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.):
Frenn fè sèkèy.

Tim: frenn, li fè sèkèy?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Tim: E oke! Mwen wè nap kouvri kay avèk palmis, non?

Piblik: Vetivè.

Tim: Vetivè?

Piblik: wi.

Tim: Ou pa konn kouvri kay avèk eee?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): wi.

Tim: Ou fè kay avèk kisa?

Piblik: Wi vetivè nou kouvri li.

Tim: Men èske ou pa sèvi avèk bwa?

Piblik: wi e bwa'k fè kay la.

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): poto
kanpèch.

Tim: kanpèch ?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun komèsant 6 èm ane fondamantal.): : Wi
poto kanpèch.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Kayimit.

Tim: Kayimit, kayimit bay fwi tou.

Piblik: Wi.

5minit.

Tim: So, ou konn koupe kayimit pou'w fè kay.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non, savledi...

Piblik: [Se de kayimit ki genyen gen yonn yo manje, gen yonn yo pa manje].

Tim: An! gen de kalite?

Piblik: [wi.]

Tim: Ok! kisa ankò? Kisa ou konn fè panye avèk bò isit?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 timoun komèsant 6 èm ane fondamantal.): Latanye.

Tim: Èske gen bagay ankò?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, gen, gen pye lyann panye a menm, pye lyann panye a menm, lè'l rive on nivo ou gendwa koupe'l. Ou konprann?

Tim: OK sa se 18? [telefòn sone] m'fè neglijan paske fò nou kòmanse sèvi avèk chif pa nou kounya.

Marco: Chak moun kap pale ou ka kòmanse di ak nimewo ki nan men'w nan, epi pou'w pale.

Tim: Wi, si nou pa rele pou'n di Ok! (Nimewo) #19 kisa nou konn fè ou di panye ou konn fè avèk latanye kisa, oke! Sa se 15, kisa ankò?

Marco: #17 la kisa'w konn fè?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.):
Palmis, [yon mou kap pale nan telefòn: M pa gen minit fòw ta voye 25 goud pou mwen]

Tim: Banbou nou pagen?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.):
Banbou tou, nou fè'l ak banbou.

Tim: Èske nou konn fè nas isit pou vann avèk pechè?

[Vwa piblik: wi].

Tim: Avèk banbou ou fè nas yo?

[Piblik: Wi]

Islande: Èske gen moun la ki konn fè nas?

[Vwa Piblik: Nou konn fè nas nou tann nan dlo dous]

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Men se pa nan dlo lamè.

Tim: Men ou pa konn peche?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Bon wi.

Tim: Ou konn peche lamè?

Piblik: Non, epa lamè, nan dlo dous, nan rivyè wozo wa.

Tim: Sa se 18, ki pwason ou konn, kenbe la?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Aaa! Nou kenbe teta, barigon, mile eksetera, plizyè pwason, anpil pwason.

Islande: Ee gen #16 la, kap di yon ti bagay. Èske ou konn fè nas? 16?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Epa Mwen menm?

Piblik: Ow!

Islande: En hen.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): wi!

Islande. Ou konn al mete nas tou?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Tim: Nan rivyè?

Islande: kibò ou konn al mete?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Depi dlo a desann li fon koule anbas, nou koupe dlo a, nou bare pwason yo nou kenbe yo.

Islande: An oke! Ak kisa ou konn fè nas la?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Ak banbou na'l chache lann nou trense nas yo.

Islande: Alò! Ou konn trense?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): wi.

Islande: Ou chèche banbou a epiw trense?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): wi, m'tiye banbou a, m'tiye lèfiini m'trese nas la, m'redi'l ak sèk Baay la, lann bari'l, m'tiye fil la ankò, lèfiini m'fè mansyon'l, m'fè deyèl, mal tann li, m'mete zorèy ladan mal tann li.

Tim: Èske ou konn fè nas pou'w vann avèk pechè lamè?

Piblik: Non, nou pa konn fè sa.

Tim: Nou pa fè sa?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non mwen pa konn fè sa.

Tim: Nou pa konn fè sa, ok ! Kisa nou fè ankò? Nou pa konn vann bwa pou fè bwafouye?

Piblik: wi!

Tim: ki bwa ki pibon pou fè sa?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mango.

Tim: Mango 15 ki di mango kisa ankò?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mouben.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): La di sa tou monben.

Tim: Monben kisa ankò?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Mango avèk monben.

Tim: *Oke, eee èske nou konnen mouben?* Gen yon semans ki flote nan lamè a, ou konn sa?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Monben?

Tim: Wi nou konnen sa, li gen gwo semans se pa vre se pa mouben ki gen sa?

Islande: Li gen gwo grenn?

[Vwa piblik wi li genyen'l].

Tim: Grenn sa yo konn vin achte'l?

Piblik: Non yo pa konn vin achte'l.

Tim: Men yo konn vin vann?

Tim: Oke! Yo gen yon pyebwa ki konn bay yon lèt nwa, ou pa konn pyebwa sa a, konn sevi avèk li, ou pa konn?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Fige.

Tim: Konman?

Piblik: Fige modi.

Tim: Wè konman sa rele?[Piblik: Fige]

Tim: Fige? [Piblik: Wi,fige modi]

Islande: #16 koman?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Fige modi.

Islande: Fige modi ok!

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Li fè grenn nan epi lèw boulel li fè gonm nan.*

Tim: Èske nou konn fè gonm la pou vann?

[Piblik: Non,nou pa konn fèl]

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Savedi yo fè godwon avèl pou yo godwonen kannòt.

Tim: Wè, men nou pa fè?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Wi, nou konn fè'l wi men li pa itil nou anyen.

Tim: Men nou fèl pou vann?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Nou fè li pou vann men, si nou vle vann ni.

Islande: Men èske nou vann ni?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Non.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Nou pa itilize'l pou vann men nou konn wè kote ap vann ni nou menm.

Tim: Kiyès ki fè sa?[Piblik: nan mache wozo]

Islande: Kotow wè yo vann ni?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): M'gen bèlmèm ki konn fèl al vann ni, li ranmase'l li bouyi yo, epi li koule'l la'l vann.

Tim: Oke! Moun bò lamè yo pa vini achte grenn yo achte yo tou fèt?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi yo achte tou fèt depi w pote'l al vann ap achte'l. Men yo pa konn vini achte'l nan men nou bo isi a?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): non yo pa konn vin achte'l.

Tim Oke! Èske gen lot bagay konsa pyebwa ka bay ki itil pou moun isi ou byen lot bò?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): wi.

Tim: kisa ankò?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Eee, Konn gen bay ap rele kakòn.

Tim: Kakòn?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.):
Kakòn.

Tim: kisa li ye?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Yon
ti grenn tou rouj li konw wè, li menm jan avèk jenou, sak anndan jenou yo.

Piblik: Yo konn metel nan foula.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Ki
konn pase andan foula yo.

Tim: Foula!

Islande: Bagay yo konn mete nan kou.

Tim: An nan kou! Pou bèl?

Marco: An ok, ok.

Tim: Pou bèl.

Marco: Foula.

10minit.

Islande: Yo konn mete'l pou bèl tou, men tankou yon kòl li ye moun skout , kiwo tou
konn itilizel mouvman yo mete'l nan kòl la yon ti bagay ki pase tankou yon twal la konsa
yo mete'l ladan'l li vini tankou yon arè ki kenbe'l .

Marco: Tankou on kòl.

Tim: Pa genyen ankò nou ka panse, komsì.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Gen lot
bagay ankò tankou sapoti.

Tim: Poukisa li bon?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Li donnen li fè grenn menm jan avek pye mango wa.

Tim: Epi kisa yo fè ak grenn yo?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Yo mange'l epi yo konn al vann ni nan mache tou sapoti a.

Islande: Men nou pagen pye maskreti bò isi a?

[Vwa Piblik: wi]

Islande: Bon nou pa dil.

Tim: Nou pa di'l [ri :ha ha ha !] Ebyen kisa anko?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): kenèp.

Tim: An kenèp nou manje'l?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Wi.

Islande: Nou pa gen pye kalbas isi a?

[Vwa Piblik: Wi genyen]

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Gen pye papay.

Tim: Kisa ou di ki genyen?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Papay.

Tim: Papay.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li fè fwi.

Tim: Li fè fwi, fè legi'm?

[Piblik: *wi*]

Marco: Men, èske se nou menm ki konn potel al vann ni nan mache.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Marco: Yo pa konn vin achte'l an gwo nan men nou la?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non, yo pa vin achte'l, men nou konn pote'l al vann ni nan mache,

Islande: Nan ki mache nou konn pote'l?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): *Bomon, jeremi, wozo.*

Tim: *yo konn vin achte?*

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): : Non.

Tim: Ou pote'l ale?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Nou pote ale.

Tim: Kisa ou konn pote ale ankò?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Mango.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Zaboka.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Lam veritab.

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.):
Kachiman.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.):
Kowosòl.

#15 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.):
Kann.

Tim: Kann se mango?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun komèsant 6 èm ane fondamantal.): Non
kan.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Kann a
sik.

Tim: Oke! Ki mango ki pi gwo mango bo isi?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mango
labich.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Mango
kakòn.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mango
fransik.

Marco: #18, Ki mango ki pi bon mango pou nou bò isit la.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Bon isit la nou gen
tout kalite mango.

Marco: Men sa nou plis konsidere, sa ki pi bon pou nou?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Mango kakòn
mango mouben nou plis genyen.

Marco: Mango kakòn.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Mango kanèl.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Labich.

Tim: Sak vann pi chè?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mango kakòn.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Ak mango kanè'l.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Gon'w mango kòn nou pa prèske genyen'l non.

Marco: gen kakòn gen kòn?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi.

Islande: *Pa gen mango yil bò isi a?*

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Gen yon lot mango wi, mango fil.

Islande: *Sa se nimewo 5 kap pale.*

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): *Sa a li menm lè'l donnen li plis ke gen vè, men si'l pa ta gen vè li vann pi chè ke lòt sa yo.*

Islande: Paske se rafrechil'ye.

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Son'w mango rafrechi.*

Tim: OK, pa gen kokoye bò isit?

[Vwa Piblik: wi].

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 timoun komèsant 6 èm ane fondamantal.): Tan an bwote pifò nou gen kèlke ti pye men tan an kraze pi fò.

Tim: Èske gen moun ki achte kokoye nan men nou?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Lè te konn genyen.

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 imoun komèsant 6 èm ane fondamantal.): kounya se rekomanse n'ap rekomanse.

Tim: Nan tout pyebwa sa'k bay plis valè, sa kap vann pi chè menm si se plan ki sa ki gen plis valè pou nou?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Sitwon*.

Tim: *Sitwon?*

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Sitwon, zoranj*.

Islande: Sa a se #2 kap pale.

Tim: Se 2?

Piblik: Wi.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Kokoye.

Tim: Kouman kokoye gen valè tou.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Tim: Ankò?

Marco: *Sak pi enpòtan?*

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Chadèk*,

Tim: *chadèk?*

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Wi.*

Tim: *Oke ki pyebwa nou plis pa renmen?*

[Vwa Piblik: Nou renmen tout pa gen yonn nou pa renmen].

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): *Pyebwa nou pa ta renmen se ta sèlman kanpèch, paske li gen twòp pikan.*

Tim: *Pa gen yon pyebwa ki seche tè?*

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): *Bawonn.*

Tim: *Bawonn nou pa vle wèl? Sa se 20.*

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Bawonn se yon bon bwa li ye wi.*

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Bawonn son'w bwa dlo'l ye wi li gen pikan.*

Tim: *Li gen pikan? li bwè dlo?*

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Wi, li gen pikan men se yon bon bwa'l ye li nouri tè a dlo se yon bwa dlo'l ye.*

Tim: *Èske gen yon pyebwa konmsi ki souse dlo nan tè a?*

Piblik: *Wi twonpèt.*

Tim: *Twonpèt nou renmen li kamenm?*

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Wi.*

Piblik: *Gomye.*

Piblik: Sikren, sikren, sikren.

Marco: numero 17 kisa twonpèt fè pou tè a?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.):
Twonpèt la e dlo li met nan tè a, li pa seche'l dlo li met nan tè a Selman.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bwa'k
seche tè ase satanye.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.):
Zatanye.

Marco: ki nimewow?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Zaboka
seche tè tou, zaboka.

Tim: E nim, nou pa gen nim bò isit?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non,
nou gen lila.

Islande: E li wi, e li wi.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Lila.

Tim: Lila pa seche tè?

[Piblik: Nou genyen'l bokou]

Tim: Men ou renmen nim?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): wi.

Tim: Ebyen nou renmen tout pyebwa.

[Vwa Piblik: Nou renmen tout pyebwa]

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Li bon pou fyèw nou renmen li.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Gon'w lòt bwa nou genyen ki siperyè anko se zoranj dous.

Tim: Ou gen sa anpil?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bon, nou genyen'l wi.

Tim: Yo bon?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Islande: Nimewo 19 kap pale.

Tim: Sa se 19.

15minit.

Marco: Oke, si nou tap chwazi nan tout pyebwa nou genyen yo, si nou tap chwazi yonn ladan yo, kisa nou tap chwazi nan tout sa nou sot di yo la, sak pi enpòtan?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Nan tout pyebwa yo bon nou pa gen youn ki pa enpòtan pou nou.

Tim: Chwazi yonn ou plis renmen ke tout.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Yonn nou pi renmen?

Marco: Wi.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Nan tout pyebwa yo?

Marco: Yonn ou plis renmen ki pi iti'l?

Islande: Ou menm wi daprè ou menm wi, saw pi renmen.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Bwa m'renmen, m'renmen kanpèch, a m'renmen renmen kajou, m'renmen veritab.

Islande: Yonn poukisa?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li fè bel kabann.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): M'renmen kalipsi.

Islande: *Poukisa?*

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Bon li fè bèl filyè kay, depi sou lè sa a sa se youn ladan yo se mwen'k te vann misye'l menm.*

Tim: Hmmm.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li fè bèl filyè kay, m'pa bay siman.

Tim: Nimero 20, ki pyebwa ou ta plis renmen?

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Pyebwa'm plis renmen Monchè veritab, m'manje veritab di.

Tim: Veritap ou manje?

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Tim: Oke epi #5?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mwen renmen yon bwa ki rele bwa dwoz, m'renmen'l paske li fè bèl efè anlè nan kay.

Islande: *Bèl fetay kay.*

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Wi li fè filyè kay, travè kay m renmen'l anpil.*

Tim: *15: M renmen frenn nan anpil, ou gen dwa koupe'l ou siye'l si'w bezwen lat kay oswa si'w bezwen fè mèb ou fè mèb avè'l.*

Tim: *Ok ou menm #2?*

Islande: *Ou menm madam 41?*

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): *Kiyès mwen menm?*

Islande: *Wi.*

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): *Bwa m plis renmen mango.*

Tim: *Pou manje?*

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): *Wi ou m manje mango.*

Islande: *Nimewo 2?*

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Sa'm pi renmen an sitron, zoranj.*

Islande: *Yon sèl grenn.*

Tim: *Poutèt yo vann, oubyen poutèt yo itil pou ou?*

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Li itil pou mwen paske lèm bezwen fè de diskòb se ladan'l.*

Marco: *Ok, ou gen sitron, ou gen pye sitwon?*

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non, m'pa gentan poum retire yo.

Marco: Men'w te genyen'l avan?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, nou te genyen'l.

Marco: Ok.

Tim: Epi ou ta vle ankò? epi 18.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): M'renmen labapen.

Marco: Pye labapen?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Poukisa li donnen li fè grenn labapen an, mwen renmen manje grenn labapen an.

Marco: Men èske li itil ou?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, li itil mwen, labapen.

Tim: Oke!

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): M'renmen anpil pye mango, paske lè gen mango timoun yo pa bay pwoblèm y'al nan manje mango.

[Piblik: ri]

Tim: Oke! Èske èèè, ann pale yon ti kras plis de fwi, kounya a nou te poze kesyon sa anvan ki fwi ki plis vann isi?

Marco: Ki fwi? Tankou lè'n pale de fwi, mango.

Islande: Mango, zaboka, sitron zoranj, chadèk.

[Vwa piblik tout fwi sa yo vann].

Tim: Pa gen yonn ki vann pi plis?

Islande: Sa' k vann pi plis la.

Islande: Sa nan zò'n nan ki vann pi pi plis la.

Marco: Ok, #19 sa ki vann pi plis nan zòn nan?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Sa ki vann pi plis se kokoye.

Marco: Kokoye.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Marco: Nan fwi yo se kokoye ki vann pi plis?

Tim: Nou dakò?

Marco: Èske nou tout dakò?

Islande: Tande gen plis lajan gen pi plis wi.

Islande: Oke! Sak vann pi vit?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, pa gen edikasyon.): Mango wa vann pi plis, yon moman lèw mete'l nan bonbon la li pa rete.

Islande: Oke esa' k vann pi plis?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Sa' k vann pi plis, la se kachiman.

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun komèsant 6 èm ane fondamantal.): Avèk kowosòl.

Islande: Nimewo 15 di kowosòl oke!

Tim: Kisa ki pi enpòtan kòm si nan sans lè gen grangou, lè gen sechrès, lè gen pwoblèm, lè w paka jwenn travay bagay konsa.

Islande: Kisa ki ede nou?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bon sak pi enpòtan pou nou lè gen grangou men ni, sa ki rele yanm jòn nan,

Tim: 16?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Paske nou konn achte panye a 200 dola, pou nou plante, dekwa ke jou ke grangou wa tonbe sou nou pou nou jwenn, pou nou jwenn kounya chak twa mwa la ou gen manje rèk ladan'l.

Marco: Ok, nimewo 16 la men, èske nou tout dakò ladan'l?

[vwa Piblik: Wi nou dakò]

Tim: Yanm jòn.

Islande: Pa gen manyòk bò isi a?

[Vwa Piblik: Tan kraze tout nan rekomanse nou pral ye la kounya]

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Se kilti sa nou te fè pi byen tou.

Tim: Yanm nan?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Yanm nan, manyòk.

Tim: Manyòk?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): *Tout bagay sa yo te genyen yo men kounya tout de fini nèt.*

Tim: Ann imajene.

Islande: Ok, Ann tounen nan fwi a ankò. Èske gen grenadin bò isi a?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Te konn genyen'l, men pa genyen'l ankò bò isi a.

Islande: E grenadya?

[vwa Piblik: Wi genyen'l]

Tim: Anana?

[Vwa Piblik: Wi genyen'l]

Islande: Bon, nou pa pale bagay sa yo ditou non?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bon ou konnen bagay yo anpil.

Tim: Yo anpil?

20 minit.

Marco: Oke, èske lè nou di wi genyen'l, èske nou genyenl an kantite oubyen on moun ka gen de pye nan jadenl, oswa koman èske nou genyen an kantite?

[Vwa Piblik: Non nou pa genyen'l an kantite.

Patisian pa idantifye: yonn, yonn moun ki genyen'l epa tout moun ki genyen'l.

Patisipan pa idantifye: Li kapab gen 2, 3 pye bagay sa yo.

Patisipan pa idantifye: Men nou pa genyen'l an kantite.

Islande: Anana pa vann anpil?

[vwa Piblik: wi]

Islande: Li pa vann vit [Piblik: wi]

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Tankou lè pa genyenl anpil li vann cho men lè pa genyen'l anpil, li pa tèlman vann non.

Tim: Ann imajene

Islande: Nan ki epòk nou ka jwenn anana nan ane a, nan ki epòk nan ane a nou jwenn anana?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): An jwen, jiyè.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Lè'n rive jwen jiyè.

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Mwa me tou wi.

[Bwi]

Tim: Wi, ou mèt fè sa wi.

Tim: Kilè, nan Mwa me jiski lè?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Me, jwen, jiyè.

Tim: Me, jwen, jiyè Ok, e mango?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Mwa me.

Tim: jis kilè?

[Piblik: Li kòmanse....]

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Mwa janvyè'l konn kòmanse pou jis ka mwa'd me

Tim: Ok.

Marco: Ok, e pou anana nan ki mwa nou jwenn li plis?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li kòmanse me li fini jiyè.

Marco: Li kòmanse me?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Marco: Li fini jiyè.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, paske se rekòt sou rekòt.

Tim: E kayimit, kayimit?

Islande: Hmmm.

Marco: Wi.

Tim: Kayimit kilè yo jwenn ni?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mwa mas.

Tim: Mas, jiskilè?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Jiska me.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Mwa jwen tou wi.

Tim: E kachiman.

Fi Patisipan pa idantifye: Kachiman konn pare jis nan mwa, nan mwa sa nan mwa janvyè sa a la.

Tim: Jiskilè?

[Vwa Piblik: jiyè].

Tim: E sitwon?

Islande: Kachiman kilè kachiman kòmanse?

[Vwa Piblik: Sitwon pa konn fini se rekòt sou rekòt].

Marcos: *Ok, # 41 kachiman nan ki [epòk] mwa ou di?*

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Li konn kòmanse depi janvyè, fevriye, mas, nou jwenn ni mwa d'avril.

Tim: [Background : Menm sou w pa jwenn ni nap jwenn ni...]

Tim: E e! sitwon, kilè li kòmanse?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Li kòmanse depi mwa'd jwen.

Tim: Kilè li fini?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li fini avril.

Tim: Li gentan fini nan avril, li kòmanse nan avril, li fini nan mwa jwen sèlman gen de twa mwa?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Tim: Epi zoranj dous?

[Vwa piblik zoranj lan se menm lè yo kòmanse]

Tim: Sitwon, chadèk se menm lè?

[Piblik: Wi]

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Twa mwa, twa mwa,

Tim: Zoranj si, se menm lè?

[Piblik: Wi]

Marco: Yo tout donnen nan menm dat?

Tim: Twa mwa, yo donnen twa mwa.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi se menm lè twa mwa rekòt sa yo.

Tim: Oke! Ki ki fwi nou gen ankò nou pa note e kokoye yo donnen de fwa?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): kokoye se 1 nan.

[Piblik: Rekòt sou rekòt men yo mal pou pare, li pa pare vit, tan detwi tout]

Marco : Konbyen mwa, konbyen mwa?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Yo gendwa rale 1 nan.

Islande: Non, Rekòt sou rekòt savledi semèn nan gen dwa entè'l genyen, kapab lòt semèn se kay yon lòt moun.

Tim: An ok, so li pagen yon sezon, chak pyebwa gen sezon yo.

Marco: konbyen mwa?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Rekòt sou rekòt.

Tim: Ok! Li pa gen yon sezon, chak pyebwa gen sezon pa yo.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Tim: Oke! Kisa nou manke la èske nou gen yon fwi.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Papay.

Tim: Oke, papay.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Papay la m te tande papay la wi.

Islande: Kisa'w te di nimerò 20?

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): M te di

Islande: Nan ki epòk gen plis papay?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Depi kounya papay pare.

Islande: ki lè l'ap fini ou pa konnen?

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Rekòt sou rekòt.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Rekòt sou rekòt.

Tim: Zaboka.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Chak ane, zaboka se an mwa jwen li konn pare menm lè ak mayi.

Tim: Mwa jwen ki lè yo fini?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Gen zaboka ki fini jis ka desanm.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Nou gen yon lòt bon ti rekòt ankò, nou konn genyen wi.

Tim: kisa?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Pòm.

Tim: Pòm ki pòm sa a?

Islande: Haaaa ! Nou pat janm di sa!

Tim: Pòm, ki pòm sa a?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Pòm kajou, pòm peyi, se avè'l yo fè nwa.

Tim: An ok!

Tim: Ki lè li rekòlte?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li pare nan jwen, jiyè se nan lè sa li pare.

Tim: jen, Jen, jiye epi kile li fini nan jiye?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): wi.

Marco: Ok, li kòmanse nan jen li fini la menm.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): wi.

Tim: Li rekòmanse nan menm lè a ankò, men èske li enpòtan pou nou?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi li enpòtan pou nou paske li vann chè.

Tim: Epi ou gen sa anpil isi.

[vwa Piblik: non tan] kraze yo.

Tim: Ou pa plante yo, ou plante ankò?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, map plante ankò.

Tim: Ou te plante?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Tim: kilè?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mwa janvyè.

Tim: Oke! e ann kòmanse poze kesyon sou planch yo, nou gentan pale de planch?

25 minit.

Islande: Ki pyebwa nou konn itilize bò isi a pou nou fè planch?

Piblik: kajou, frenn.

Tim: [Grate gòj], Wi yo te di sa, men kiyès ki pi....

Islande: Kiyès ki pi bon, ki fè placch pi dwat, ki fè bèl planch?

Piblik: Kajou, sèd, chèn.

Tim: Yo te gentan di sa.

Islande: 17, sèd?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.):
Chèn, bwad chèn.

Islande: Chèn?

Tim: Yo te di sa, Kaliptis ou te di tou?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi.

Tim: Yo gentan di sa. Oke banm chanje sijè, paske nou te pale de sa? Banm pozeyon kesyon sou.

Gason patisipan pa idantifye: Lorye afè bèl planch tou.

Islande: Hen!

Gason patisipan pa idantifye: Lorye afè bon planch anpil.

Tim: Lorye tou?

Islande: Lorye.

Tim: Men gade, si gen yon pye mango la, ou gen yon pye mango, èske li ka gen plizyè mèt? [Piblik: Non] li gen yon sè'l mèt? [Piblik: Wi] men Kounya Ok! Pa egzanp menm bagay ak kachiman.

[vwa Piblik: wi].

Tim: Menm bagay ak tout pyebwa chak bagay gen yon sè'l mèt.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Wi, depi se nan bitasyon mèt li'l ye.

Islande: Oke banm poze kesyon an yon lòt fason, yon tè eritye, èske pyebwa ki ladan lan se pou yon sèl moun li ye?

[Vwa Piblik: non]

Piblik: Li pou tout moun ki eritye yo.

Tim: kounya tout pyebwa ki sou tè eritye sa.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li pou tout moun ki eritay tè a.

Tim: Oke!

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Yo tout gendwa la dan'l.

Tim: Oke! imajine mwen gen yon pyebwa mango kòn, kòn ki vann byen se pa sa ou di'm? [Piblik: Wi] kounya m'rekòlte'l pou vann, èske kenpòt moun nan kay la ka rekòlte epi al vann ni?

[vwa Piblik: Wi, depi se nan kay la]

Islande: Non, nan menm moun ki eritye yo?

[Piblik: Wi]

Tim: Li ka al vann ni?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Li ka antre nan li ladan al vann ni.

Islande: Nimewo 17 ap bay yonn.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Gen moun nan ki parèt menm lè tè sa, se tè eritye li ye, plante yon pyebwa ladan'l, pyebwa sa e pou li'l ye li konn ekzante'l tou pafwa, menm lè'l gen rekòt ladan li pap grennen tout ladan'l l'ap kite paske'l konnen se pa li menm kite plante'l se entèl kite plante'l.

Tim: Oke!

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Ou konprann sa'm di'w la.

Tim: Wi bon koze menm bagay bwa?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi.

Tim: Ou plante'l sou tè ase pou ou li ye?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi.

Tim: Ok e! epi tout mou n'ap rekonèt sa nan fanmi an, ok eee.

Islande: Èske nou konn achte pyebwa nan tè epi nou kite pyebwa pou' l fon ti rete epi pou'l grandi pi plis?

Piblik: Wi, sa toujou fèt.

Tim: W'achte nan tè lòt moun?

[Piblik: Wi]

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi, lè nou bezwen'l na'l pran'l

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Lè nou bezwen'l na'l koupe'l

Tim: konbyen tan li ka rete konsa?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Selon, nenpòt senk sizan, w'achte'l aprèsa w' al pran'l,

Tim: Ok!

Islande: konbyen nou ka achte yon pyebwa konsa?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Sa depan de gwosè pyebwa, si se depi piti ou achte'l ou ka bay yon de san dola pou li.

Islande: Ki pyebwa nou konn achte?

[Vwa Piblik: tout kalite pyebwa].

Islande: Nimewo 5 ki kalite pyebwa yo konn achte?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Tout kalite pyebwa.

Islande: Tankou kisa, banm kèk egzanzp?

Tim: Èskew konn achte pyebwa.

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi m konn achte pyebwa, men bwa'm plis achte se frenn avèk kanpèch, paske se sa yo m'achte m sèvi avèk yo deja.

Islande: Sa'w fè ak kanpèch?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Kay, poto kay, men ni poto kay,

Islande: E frenn?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Frenn f lat travè.

Tim: Men pou kay pa ou ou byen pou vann?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Pou kay pa'm.

Tim: Ou pa konn siye yo pou vann?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): M'poko fè sa m pa konn si ma fè sa demen.

Tim: Èske gen moun isi ki konn achte pyebwa pou siye fè planch epi fè benefis? [Vwa Piblik: wi]

Tim: ki yès ki fè'l?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Mwen menm mwen fè'l wi.

Tim: 17 ou fè'l?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): M'achte'l m siye'l, m fè mèb avèl, m fè sèkèy avè'l, m'revann ni ankò.

Tim: Ou se ebenis kounya, oke èske gen moun ki pa ebenis ki fè sa, èske gen dam ki fè sa?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Non, m pa fè sa.

Tim: Pa gen dam ki fè sa menm, pa gen dam ki konn achte'l pyebwa kò'm envèsman?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Non, li pa jwenn ni.

Tim: Èske gen moun ki konn achte mango?

[Piblik: Wi]

{#18} #15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Wi, m konn achte'l.

Tim: Achte tout pye mango wa nèt?

[Vwa Piblik: Nou achte rekòt la].

Tim: Rekòt la!

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, ilKtivatè, Pa gen edikasyon.): W'achte rekòt la.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi, rekòt la.

Tim: Kounya, ou al keyi tout mango yo?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, w'al keyi'l.

Islande: Nimewo 15 ou konn achte mango?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Wi.

Tim: #15?

Islande: konbyen ou ka achte yon pye mango, konbyen'w konn achte yon pye mango konsa?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun, Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Ak tout mango wa ladan?

Islande: En hen!

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun, Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Savledi m gendwa achte'l, selon kantite mango wa gen ladan'l m'konn achete'l yon mil goud nan men moun nan, savledi pye a pap rete pou mwen non, savledi rekòt la m'gendwa achte'l yon mil goud nan men'l.

Tim: Ok 15, w'achte'l kouna kisa ou fè?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): M'al vann ni.

Tim: Men kijan, ou menm ki keyi yo?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Non, m'fè yon moun keyi pou mwen m'al vann ni.

Marco: Ou peye moun sa?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Wi, si se moun mwen li ye m pa peye'l men si se sèvis m'mande'l m'peye'l pou'l keyi'l pou mwen.

Islande: Konbyen ou konn peye 'l konsa?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun komèsant 6 èm ane fondamantal.): M peye'l yon trann dola, oswa yon senkann dola.

Tim: Kounya, ou pote mango yo?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Wi. 30 minit.

Tim: *Ou mete yo sou kamyon, sou bis?*

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): *Wi, kamyon oswa moto.*

Islande: Kote wa'l vann yo?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Wozo, oswa jeremi, oswa bomon.

Tim: Ok!

Islande: Èske se lè'w fin vann ou peye ou byen avan wa'l vann ou peye?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 timoun komèsant 6 èm ane fondamantal.): Savledi selon kondisyon mwen menm avèk moun nan, m gen dwa di'l se lè'm fi'n vann map peye, menm si'l pa dakò map peye'l avan mal vann.

Tim: Èske nou konn fè sa ak lòt fwi tou konmsi kachiman, kayimit?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 timoun komèsant 6 èm ane fondamantal.): Non.

Tim: Non, zavoka?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Wi, gen moun ki konn fè sa men mwen m poko fè sa.

Tim: Wi, men pi fò tan se mango ou fè sa?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi mango wa pi fasi'l.

Tim: Kòman rele bagay nwa pòm ou pa konn fè sa a pòm?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Non.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Pagen sifizaman pou yo fè'l.

Tim: En hen!

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Pagen sifizaman pou yo achtel pou yo revann.

Tim: Pagen sifizman.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi.

Tim: kisa nou fè avèk yo?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): pòm nan.

Tim: Wi.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Pòm nan, tankou pòm nan, yo vann pòm nan, yo manje pòm nan epi grenn nwa yo vann ni pa mamit, yo fè tablèt avèl, yo greye yo manje'l.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Nou fè tablèt avèk yo?

Tim: Ou fè tablèt?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi.

Tim: Men yo pa konn al jeremi avèk yo ou di ou pa sifizman pou yo?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi savledi moun nan pa gen ase pou yo al nan mache piblik avè'l, pou yo al vann yo pagen yon kantite.

Islande: Men èske pa gen moun kafou chal ki konn vin pran la?

Piblik: Wi.

Islande: Ebyen lè yo vin achte'l la se pou yo revann yo vini achte'l.

Tim: Grenn, men yo pa achte pyebwa rekòt, yo pa achte rekòt.

Islande: Lè nwa pare konbyen nou ka vann yon mamit nwa konsa?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Selon, lè nan kòmansman, nan kòmansman.

Marco: Nimewo 5.

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Lè'l lan gran kantite nan kòmansman mamit la konn vann ven dola, men lè'l fè retrè li ka vann nenpòt trant karant dola mamit la.

Islande: Ok, #5, èske pa gen nan nou la ki konn vann tablèt nwa, oubyen konn fè nwa griye pou vann?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Bon nou pa konn itilize grenn ni nou vann ni ak tout po.

Islande: Nimewo 41, nou vann ni ak tout po.

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Wi.

Islande: konbyen mamit ou ka vann nan yon ane konsa?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Ha! m gen lontan m pa vann ni, paske yo pa donnen nou pa tèlman genyen'l yo pa donnen anpil gen de fwa se manje nou manje sa nou jwenn nan nou pa vann ni.

Islande: Ok ! Pa gen moun la nan nou tout la ki konn vann nwa, kòmsi nou fè komès grenn nwa pou vann? Nou vann ni ak tout po?

[Piblik: Wi ak tout po]

Islande: En hen, èske pagen moun la ki konn fè sa?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.):Vann ni ak tout po, mezire pa mamit?

Islande: En hen.

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mèwi m konn fè sa, mwen menm ou konn vann nenpòt 4, 5, 6,7 mamit.

Islande: E #5,4, 5, 6, 7, mamit sa, èske konn pran nan men vwazinaj, oubyen sak sot nan bitasyon'w menm?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Li pa sot nan bitasyonm, nou fon jwèt avè'l yonn renmen pa lòt, ee m jwe a misye swa'l pran pa'm nan, oubyen'm pran pa'l save di jwe avè'l, nou genyen'l kantite'l genyen m pran'l m'al vann ni pa mamit.

Tim: 5.

Islande: An ok.

Tim: Èske nou pa konn achte kòm si rak bwa pou'w fè chabon? [*Vwa pilbik : wi*].

Tim: *Ki nimewo ou ye ankò 19?*

Marco: #16?

Tim: 16, ou fè sa menm?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, nou tout sa toujou fè'l.

Tim: Tout moun bò isi konn fè chabon?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi tout moun fè'l.

Tim: Ki bwa ki pi bon pou achte pou fè chabon konsa?

Islande: Pou fè chabon?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): kanpèch.

Tim: kanpèch.

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bwa din.

Tim: Bwa din, kisa ankò?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Bon se bwa sa yo mwen konnen ki bon pou chabon.

Tim: Poukisa yo bon pou chabon?

{#2} Piblik: Paske li pi di.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li pi fèm, li pi bon bwa.

Tim: Lè li piti?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Save di yo pi di.

Tim: Ow, li Pi di!

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Marco: Èske nou konn fè chabon avèk bwa fwi yo, ki fè fwi yo?

Piblik: Non.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Si yo mouri, si yo mouri, yo koupe yo, ou konnprann?

Marco: Si bwa mouri?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li mouri li pa itil nou anyen ankò, li pa ka donneren pou'l ban'n fwi ankò, nou oblije koupe'l nou fè chabon ansanm avèk li.

Marco: Men nou pa konn tankou son bwa nou jis chwazi li epi nou koupe'l nou fè chabon?

Piblik: Non.

Tim: Oubyen gen yon ijans epi pou'n di nou pral koupe mango sa?

[Vwa Piblik: non]

Tim: Sa pa fèt?

Islande: Si gon'w pwoblèm ou byen yon ka maladi nou ka di bon nap koupe de pye mango sa pou'n fè chabon.

Piblik: Non li pa'p bon pou nou.

Islande: Li gendwa pap bon pou nou, men nou ka fè sa,

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mwen menm si'm ta wè, nimewo 5 lan ka pale la, si'm ta wè m ta gon'w pye mango, li pa demontre'm l'ap mouri li vivan byen vivan, depi'm wè'm koupe'l pou'm fè chabon se kòm si m wè son moun m'tiye.

Marco: Men, èske konn fè sa?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non, m'pa konn fè sa.

35 minit.

Tim: Talè ban'm poze yon kesyon gen pyebwa ki gen lwa se pa vre?

[Piblik: Wi]

Islande: Pye pòm.

Tim: Hen!

Islande: Pye pòm,

Tim: Pye pòm konn gen lwa?

Islande: Konn gen nwa.

Tim: Non, lwa.

Marco: An lwa, ok.

Islande: An ok, lwa mistè.

Tim: Ou pa gen bagay sa?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, genyen'l, genyen'l pyebwa sa ou paka koupe'l.

Tim: Ou paka koupe'l ki jan se kòm si bagay fami lye ou byen?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, Yon bagay fami lye, on bagay rasyal.

Tim: Bagay rasyal ki ekziste sou tè pa nou.

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Ou te jwenn ni la, ou paka koupe'l.

Islande: kòman w'ap fè konnen pyebwa sa gen lwa sou li?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Kòman w'ap fè konnen depi ou leve ou jwenn granmoun lontan yo ap sèvi ladan'l yo di pyebwa sa li paka koupe, yo konn sèvi ladan, se mazi entèl ou paka koupe'l.

Tim: Ok, 18, men ki kalite pyebwa ki plis gen mistè ladan'l?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Kalbas.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): kalbas, mango, yo toujou genyen yo tou.

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Fige, kenèp, palmis tou wi.

Tim: Oke!

Marco: Ok, 18, a ki kondisyon si tankou sa ta rive pyebwa sa, a ki kondisyon ou kapab koupe'l?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè Filo): Aaa! M'paka koupe'l non!

Tim: Pyebwa sa yo bò dlo a, yo toujou bò dlo a oubyen yo ka nenpòt kote?

Piblik: kenpòt kote, kenpòt kote yo ka ye.

Tim: Oke, ann tounen nan fè chabon la, kounya ou ka achte yon rak bwa?

[Piblik: Wi]

Tim: Epi kounya epi ou di se kòman ankò?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Kanpèch, bwa din.

Tim: Kanpèch, bwa din.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Mwen menm m'fè sa, m'achte bwa m fè chabon yo gen koma, yo gen sapoti ye yo gen kayimit maron, kayimit maron an li menm li pa donnen menm jan ak kayimit yo vann sou mache piblik la, li donnen on ti grenn piti, ti grenn piti sa li donnen an zwazo ka manje'l, ou konprann? M'achte bwa sa yo m fè chabon.

Tim: Ok, li pa bon pou anyen ankò?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Non.

Tim: 18.

Islande: Chabon sa yo lè nou achte'l konsa ki kote nou vann yo, nou itilize yo isi oubyen?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Nou konn al vann yo pòtoprens oswa nou vann ni nan lari a.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Mwen menm e pòtoprens m'vann chabon pa'm mwen menm.

Tim: 15, oke kòm si ou voye'l sou kamyon?

Piblik: Wi, sou kamyon.

Tim: Ou monte avèk li?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Wi.

Tim: W'al avèk li, ni gason ni fi konn fè'l?

Piblik: Wi.

Tim: kouna a na'l vann ni nan depo, ou vann ni nan gwo?

{#2} Piblik: Wi {na'l vann ni} nan depo.

Islande: Eee, lè nou fèl konsa, èske gen moun ki konn achte chabon an, nou fin fè chabon an, e moun achte'l nan men nou isi al vann ni, kòmsi' m ta di'w revandè al vann ni potoprens [Piblik: Wi] Oubyen se menm nou menm nan ki fè chabon an nou monte pòtoprens n'al vann ni?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Non, revandè konn vin achte'l nan men nou.

Tim: Revandè vin achte'l isi?

Piblik: Si nou vle n'al vann chabon an pou kont nou.

Tim: Ou fè plis benefis?

Piblik: Wi.

Tim: ki diferans ki genyen?

Islande: Poko an'n gade byen lèw vann chabon an bay revandè konbyen'w vann sak la?

Tim: isi sak la,

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): 70 dola oswa'w vann ni 60 dola.

Islande: 60 dola bay revandè.

Islande: E si'w pra'l pòtoprens konbyen'w peye machi'n pou yon sak chabon.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): 25 dola, gen kote yo pote'l 30 dola.

Islande: Oke, kobyen'w peye pou tèt ou?

Piblik: Ou pa peye.

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Pou tèt ou, ou pa peye.

Tim: konbyen ou revann sak la?

Islande: konbyen ou revann sak la lèw rive pòtoprens?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Ow! Selon si se ou kap vann ni, tankou se 10 sak wa'p vann ou gendwa vann ni 1200, oswa 1000 dola.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Savledi li vann ni an gwo, savledi 10 sa'k ki fè lo wa yo rele'l lo.

Islande: An! lo, lo wa yo vann 1000 dola?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Wi oswa 1200.

Tim: Yon lo, kap vann konbyen isit? [Piblik: Lo wa gen 10 sak ladan'l]

Tim: Epi, konbyen yon lo ap van nisi?

Piblik: 600,700 dola, 3000 goud.

Tim: 600,700 ou double kòb la?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun, Komèsant, 6 èm ane fondamantal.): Wi.

Islande: Li prèske double 1000?

Tim: Prèske double 1000?

Piblik: Wi, li prèske double'l

Islande: Men sou'w retire lajan transpò ladan'l?

Piblik: Wi, ou retire transpò ladan.

Tim: Non, se 25 dola ou di.

Islande: 25 dola pa sak.

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun, Komèsant, 6èm ane fondamantal.): Pa sak, pa linite, pa grenn sak.

Islande: Chak grenn sak 25 dola.

Tim: Sa se 250?

Islande: Wi.

Tim: Kounya wap peye 250 dola kamenm.

Islande: En hen!

Tim: Ok.

Marcos: OK #15 èske sa konn rive pou yon fi achte yon rak bwa?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun, Komèsant, 6èm ane fondamantal.): Wi.

Piblik: Wi.

Tim: Epi li peye gason an koupe'l?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun, Komèsant, 6èm ane fondamantal.): Wi li peye gason an koupe'l.

Tim: Èske fi konn koupe bwa la?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun, Komèsant, 6 èm ane fondamantal.): Wi, fi koupe bwa wi!

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Tim: Epi lap fè chabon nap kouvri'l a tè.

Islande: Ti chabon oubyen gwo chabon?

{#15} Piblik: Ti chabon, mezi yo ka fè,

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Kimoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Sa'n ka fè.

Islande: konbyen sak li ka bay konsa?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): On 5 sak, oswa on 8 sak.

Islande: E gason yo ki pi plis sak chabon yo ka fè konsa?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): 50, 80 100 tèn ale, mwen menm mwen fè 80, 90 santèn ale.

Islande: 18 nan on sèl bagay?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, nan on sèl fou chabon,

Tim: Men, lè w'al achte yon rak bwa pou'w fè chabon èske se ou menm, menm ki fè chabon la, ou byen'w peye yon travayè?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, mwen peye moun koupe bwa, ou konprann epi mw desann bwa, mwn charye bwa mwen fè'l pou kont mwen, m bwile'l pou kont mwen, epi mwen mete'l nan sak m'al revann ni pòtoprens pou kont mwen.

Islande: Èske lè'w w'ap mete'l nan sak? Ou pa konn mennen fanmi'w al ede'w mete'l nan sak?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi.

Islande: kiyès ki konn ede'w mete'l nan sak konsa?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Bon, Vwazinaj ou byen m konn peye moun triye'l tou,

Patisipan pa idantifye: Medam, fanm

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Le pli souvan mw toujou peye moun triye chabon an.

Islande: Èske ou pa konn mennen madan'm ou, ou byen m pa konnen?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Chabon an se chabon madanm nan'l ye.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, bagay ki fèt tout tan chabon an se chabon madanm nan'l ye.

Islande: Timoun yo, timoun yo pa konn ale triye chabon tou?

40 minit.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi.

Islande: kiyès ki pi al triye chabon tifi ou byen ti gason?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): *Tout triye tifi triye, ti gason triye.*

Islande: Men kiyès ki pi plis konn triye?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Ti gason, ti gason an plis konn triye.

Islande: Ok, Nou ka kontinye èske bò isi a sa konn rive ke nou konn di chabon zepòl.

Piblik: Wi bon se Tim, sa nou fè nèt wi se sa nou fè sèlman wi.

Piblik: Se sa'n fè sèlman wi rii.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Chabon zepòl la se {tann} distans bwa koupe epi m'ap chaye'l sou zepòl ou se sak rele chabon zepòl la pou vini isi a avè'l se li'k rele chabon zepòl, [Piblik: Chabon bwa zepòl] bwa a ka koupe kafou chal epi m'ap chaye'l vini bò isit avè'l.

Tim: Lè'w koupe pyebwa, èske'w koupe'l jis atè jis nan rasi'n?[Piblik: A tè,a tè]ou pa rache'l[Piblik: Non] èske lap repouse ankò?[Piblik: Wi,l'ap repouse] kounya ou pa bezwen plante anyen. [Vwa Piblik: Non l'ap repouse jan'l teye a]

Tim: Men, èske gen moun ki plante espre pou fè chabon?

[Vwa Piblik: Non]

Tim: Ou Jis kite'l repouse?

[Vwa Piblik: Wi]

Tim: Èske, tout tè bò isi gen mèt?

[Vwa Piblik: Wi]

Tim: Pa gen tè leta?

[Vwa Piblik: Non]

Tim: Kounya, Savledi tout rak bwa sa yo nou achte'l nan men yon moun, si'w kenbe yon moun k'ap fè chabon zepòl ki pa pou li,

[vwa Piblik: Li gen pwoblèm]

Tim: Kisa ou fè'l?

[vwa Piblik: Nou transfere'l nan prizon]

Tim: Sa konn fèt?

[Vwa Piblik: Non li pa konn fèt]

Tim: Men w'ap denonse moun sa?

[Vwa Piblik: bon se volè'l ye]

Islande: Sò'w fèl ou ba'l de kout baton?

[Vwa Piblik: N'ap mennen'l la jistis]

Islande: Sa nou fè'l nou mennen'l la jistis,

vwa Piblik: Wi.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Bon, gen zanmiw ou konn jwenn kap fè sa bon, menm madam ou paka konnsa.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): OU rivo'w gadel, ou vire do'w.

Tim: Men, li pa fèl anpil?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Si'l pa fèl anpil?

Tim: Wi.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Selon'l ka chaye.

Islande: Rii, Selon'l ka chaye, savledi kantite'l ka pote, men moun nan kafè yon jounen l'ap chaye bwa.

[Piblik: Wi]

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li pa'p fè lajounen an l'ap chaye paske'l pa konn kilè mèt bwa ap vini

Tim: L'ap jis pran yon tikal ladan?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Li pran on tikras ladan, chak lè'l pran on tikras la la tè pa pa'l se vòlè'l ye.

Tim: Sa pa konn rive, ou rive non tè ou jwenn tout bwa ale, sa pa rive, sa rive?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun, Komèsant, 6 èm ane fondamantal.): Wi si'l fon inondasyon. #17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Lè rivyè a pase.

Tim: Non, non pou lòt moun k'ap pran ni?

Piblik: Non, non {yo} li paka pran tout.

Islande: Non, banm douw, si jan pase'l pran enpe, jak pase'l pran enpe ou ka rive on lè'w pa jwenn ditou.

Tim: Rii!

Piblik: L'ap jwenn, vòlè a te mèt vòlè jan'l vòlè fò mèt li jwenn ni.

{Piblik: Fè silans}

Marco: Men, nan ki sezon nou fè chabon plis?

[Vwa Piblik: Tout tan.]

Islande: Pa gen pye mapou isi a?

[Piblik: Non]

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Genyen ou kapab jwenn yonn ou 2 pye mapou, men yo pa pre, yo pa prè.

Islande: Èske nou pa konn itilize bwa pou nou vann tankou avèk moun fou pou yo fè pen?

Islande: En hen !

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non pa fasil.

Islande: Yo pa konn vin pran bwa sou kamyon tou pou yo pote la vil?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Nan kofray, bwa kofray.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, yo toujou fè'l.

Islande: ki kalite bwa yo pran?

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Tout kalite li ye, ou konnprann? Pou a'l fè bwa kofray pòtoprens bagay sa yo.

Tim: Èske'w pa vann jeremi tou?

[Vwa Piblik: wi].

Tim: Chabon nan jeremi?

Piblik: Wi.

Islande: Men, Pi plis chabon isi aki kote a'l vann?

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Pòtoprens.

Tim: Nou pa konn vann okay?

Piblik: Non.

Tim: Nou jis tou pase okay dwat {pou} Pa kanpe Pòtoprens?

[Vwa Piblik: Wi.

Tim: An general jeremi si yon sak chabon vann 60 dola isit konbyen li ka vann nan jeremi?

Piblik: 80 dola.

Tim: 80, Li vann 60 dola se sa nou te di'm.

[Vwa Piblik: wi]

Tim: Chak sou 80, wap peye 20 dola sou li?

Piblik: Wi.

Tim: konbyen lap koute pou pote'l?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Frè a, on 15 dola

Tim: Ow! 5 dola wap jwenn?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Riii, wi 5 dola wap jwenn wi

Tim: Way!!

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Li pagen anpil benefis.

Tim: Men, nou pa fè sa fasil?

[Piblik: Non, nou pa fè sa]

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Nou pa al jeremi pòtoprens mwen ale.

Tim: Men, eben kiyès kap vann chabon nan jeremi, lòt kote?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Lòt kote ki bay gran vensan.

Tim: Gran vensan.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Epi, avèk pi pre vil la.

Tim: Ou pa konn mete chabon sou bato?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Lontan, lè te gen bato kounya a pa gen bato nan kabotaj la ankò.

Tim: Bato vwal?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, bato vwal.

Islande: Ee vwalye, nan vwalye, nou pa fè sa ankò?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Sa se

Tim: Lontan, lontan.

Islande: kounya nou gen kamyon ki tou vini chèche'l la, nan mitan la kay nou la.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Yo vin chèche'l la, yo moute la, yo pran li yo ale.

Islande: Konbyen, konbyen, konbyen, eee vwaaj [Yon moun touse] yon kamyon fè nan yon semèn? Ok, Konbyen kamyon ki vin pran chabon bò isi a?

[Vwa piblik]: Plizye kamyon,

45minit

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Non semèn la, lè gen chay la nou konn resevwa 5 ou 6 kamyon la wi.

Tim: Èske w bay moun sa yo kredi?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Kamyon an, kamyon an wi [Madam nan di li paka sipòte timoun yo] e kredi l pote l pou nou wi e lè n fin debake l nou peye l lè n rive nan depo wa nou fin debake chay la nou pran kòb nan men mèt depo wa nou peye l.

Tim: Sa se lè w ale?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi lè m ale.

Tim: E moun ki rete isi, savledi ou pran l sou kredi ou pote l, ou pote lajan tounen?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi m pote lajan tounen.

Tim: kounya si 15 gen yon chabon si ou gen yon sak chabon ou bay misye pote l ale #19: Wi, li revann mwen l.

Tim: San anyen, san yon goud, kounya l ap pote lajan tounen?

[Piblik: Wi]

Islande: Èske sa konn rive chabon sa gen defisi fèt?

[Piblik: Wi}

Tim: Kijam li fèt?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, vòlè pase sou ou.

Tim: Vòlè, konn gen vòlè rive?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Ou konn vann chabon an, vòlè pase sou ou, ou pa rive isi ak yon goud non.

Marco: Yo pran kòb la men se pa chabon an?

Tim: yo pran li?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): wi si yo pa tiye'w.

Tim: Sa pase ou?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun, Komèsant, 6 èm ane fondamantal.): Non sa poko rive'm.

Tim: Sa pase ou?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non.

Tim: Sa pase ou?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Si'm vann misye yon chabon li peye'm, li al vann ni pòtoprens, kòb mwen an asire ke pa misye a wi, pa'l la e riskel, riske'l wi.

Marco: Èske sa konn rive gen gwo revandè ki soti pòtoprens ki vin pran chabon la?

[Vwa piblik] : Wi.

Tim: kisa ou te di talè a?

Islande: Kòb pa'l la pa riske limen li tou vann ni isi li vann ni 60 dola yo peye'l, moun ki al vann ni pòtoprens lan se li ki riske, li riske aksidan, li riske vòlè.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Mwen menm panm nan menm.

Tim: Oke! Men kouna#18, Si li ale avèk chabon moun yo, epi yon vòlè, vòlè li, li pa bezwen peye moun sa?

[Vwa piblik: Ri, Li cho wi]

Tim: Ou nan cho fòw peye.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Men mwen menm ki vann ni an m'ap fè panse vòlè pa pran'l vre, e pou tan saka fèt vòlè ka pran'l, mwen menm m'ap di se pou'l ka pa peye'm.

Tim: Wè m konprann.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Ou konprann.

Tim: Oke! Konbyen kòb w'ap fè si'w pote pou 15, konbyen kòb sou chabon pa li a w'ap fè, konbyen kòb kòb wap fè benefis sou li?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Sim pote pou li m pa pran kòb non.

Tim: Fami lye?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi.

Tim: Esi'w pote pou moun ki pa famiy ki pa pre?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Nenpòt moun li ye a, m pote chabon pou li, m pa pran kòb.

Islande: Nou yonn pote pou lòt?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, nou yonn pote pou lòt, m pa bezwen lajan nan men...

Islande: An ok.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Me sak ka pi byen fèt, mwen gen 20 sak chabon, m vann ou 10, epi van lòt 10 pam lan pou mwen.

Islande: An ok.

Marco: Hmmm la li gen benefis?

Islande: Non, li bal avantaj li vann ni 10 sak epi lot 10 yo li di'l si'l vou plè vann sa pou mwen.

Marco: Li gen benefis sou 10 li vann ni an.

Islande: En hen.

Marco: Wè.

Islande: Wi, hmmm fò'w konn la pou'w al, la.

Tim: Èske nou gen yon bagay ki manke la ki enpòtan sou afè pyebwa ou pa panse ou konnen, nou pa konnen, imajene'w, ou isi ou gen pyebwa, w'ap lite w'ap travay, kounya ou t'ap chèche yon entèvanson, yon ti asistans men avèk pyebwa, kisa'w t'ap mande 19, ki èd, ki ensistans, ou t'ap mande si'w ta gen yon moun ki t'ap ba'w kout men?

Islande: Kisa'w ta ka mande si'w gon'w moun kitap ba'w kout men ki sa'w taka mande?

Tim: Sou pyebwa wi?

Islande: En hen.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Nan pyebwa?

Islande: En hen.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): M ta mande pou nou banm bwa grigri.

Tim: Pou yo bò'w bwa grigri.

Islande: #19 pou ki sa ou ta bezwen pou yo ta bò'w bwa grigri?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bwa grigri a l'ap fè travè kay, lap fè poto kay, se yon Tim: valab li ye.

Islande: Èske gen bwa grigri nan zòn nan deja?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Tim: grigri genyen?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Genyen wi.

Islande: Se kòm si' m pat tande nou pale de bwa grigri talè a?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bwa dwoz.

Islande: An, an! Bwa dwoz, bwa grigri li gen plizyè non, bwa dwoz bwa grigri an ok.

Tim: E ou menm 5, si yo t'ap fè yon entèvansyon nan afè pyebwa, kòm si yon gwo patwon tankou Eksepè ki konsey ou t'ap ba yo pou ede nou nan bwa.

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Ki konsey mwen t'ap ba yo.

Tim: Wi, èske ou t'ap di ede nou nan fwi, ede nou avèk chabon?

Marco: Men pou pyebwa senpleman.

50 minit.

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Pou pyebwa senpleman mango wa, ta itilize tou paske sa'k fè sa nou pèdi anpil pye mango la kote'k te gen anpil foul mango pa genyen, bagay sa ankò m wè nou manke mango.

Tim: Savledi ou ta vle yon pepinyè pye mango?

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, pou'n ta replante.

Tim: Kòm?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Blan, fransik pou ta replante.

Tim: Èske fransik pa gen moun ki vin chèche fransik pou ekspòte?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non nou pa genyen'l.

Tim: Yo vann nan lari, e ou menm 16, ki entèvansyon ou t'ap chèche?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bon, m tap antre nan konsansib mango wa non plis wi, paske'm ta jwenn mango fransik m t'ap plante'l, madan blan, m ta plante'l m gen mango labich, m gen mango kanèl menm pa gen lòt mango kalite.

Tim: Ok, epi 15, ki entèvansyon {ou t'ap mande} nan afè pyebwa ou t'ap mande?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun, Komèsant, 6 èm ane fondamantal.): M'tap mande kokoye, paske tan pase li brize anpil kokoye [kòk ap chante] nou prèske pa gen sa, m t'ap fè yon entèvansyon, si yo ta gen yon lide yo t'ap fè nou favè m t'ap mande pou yo ban nou sa, avèk mango wa tou li enpòtan anpil.

Tim: Ok, 41?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Nou ta bezwen anpil zaboka, paske zaboka nou yo kraze tan te kraze yo.

Tim: Ok, kouna ou tap mande yon pepinyè?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Wi, paske nou prèske pa genyen'l.

Tim: 2?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 timoun, kiltivatè, pa gen edikasyon.): Mwen menm sitwon an m ta ka bezwen ak zoranj lan.

Tim: A! ou te di sa 18.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Bon, ki sa'm tap bezwen, ti rèz pye mango ki rete a yo, si ta gen yon enstans, ki vini pou yo ta repwodwi yo pou nou grefye yo, ou konprann? Pou yo te ka donnen pi bèl mango pou moun yo te ka jwenn.

Tim: Grefye sa' k te gentan la?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, Pou yo vann pou yo manje tou.

Tim: Bon koze, 17.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Mwen menm sa'm ta mande pye fwi nou yo, kon'w wè pye kowosòl

Tim: Non, m'pat di sa tout moun te pale sou pye fwi menm pa di pye fwi non, m di tout pyebwa sa ki enterese'w plis?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Se sa m'ap di wi, si'm ta jwenn yon bèt ki tonbe sou yo chak grenn ki donnen yo fèl paka gwosi.

Tim: ki tonbe sou kisa?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Sou pyebwa nou yo.

Tim: Tout pyebwa?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi, yo nwa, nwa nèt.

Tim: Ki tonbe sou tout pyebwa?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Sou tout pyebwa nèt.

Marco: Men kisa'w ta renmen pou yo fè?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Si nou te kab jwenn yon bagay.

[Piblik: yon pwodwi]

Islande: Li tonbe sou lila tou.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Nèt, depi se gwo pyebwa.

Islande:Li la wi !

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Men kòman yo ye jan'w wè fèy bwa sa yo tou nwa, depi yo tonbe sou grenn fwi'k donner an yo sou pyebwa yo pyebwa yo pa grandi ankò, menm grandi yo paka grandi konsa'l ye fò'w ta di son pwazon.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Menm lè'n ta met yon ti....E nan kò manman pou'l rete li pa'p grandi ankò?

Tim: Depi kilè sa kòmanse?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Sa kòmanse konbyen ane.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Gen plizyè ane.

Tim: 2 zan pase, 3 zan?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi, 2 zan, 2 zan.

Tim: Anvan, anvan matyou?

Piblik: Wi, depi avan.

Tim: Ok men, petèt nou pat konprann byen ann chanje kesyon sa tou, si se pyebwa fwi, èd avèk fwi, èd avèk èè, pyebwa ki donnen planch, èd avèk chabon, m'pa konn ki èd n'ap fè ou tap pito fwi?

[Piblik: Wi], ke planch.

Islande: ke chabon?

Tim: Ke chabon?

Marco: #19, chwazi yonn nan 3 sa yo?

Tim: imajene'w mwen vin isi pou ede'w?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): kòmsi ant de bagay yo kilès m'ta chwazi?

Tim: Nan 3 bagay sa yo, kòmsi m'vin isi kòm patwon, tankou yon òganis, tankou yon blan epi'm di'm pral ede'w, m'ap ba'w twa chwa m'ap edew nan pyebwa fwi, mw t'ap ede'w nan chabon, mwen t'ap ede'w nan planch kisa'w t'ap chwazi?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bon, mwen'm prefere, m'pito planch lan wi.

Marcos: Nan pyebwa pou fè planch lan.

Tim: Planch ok, ou menm 16, fwi, chabon, planch.

Marco: #16?

Tim: 16, planch, fwi, chabon.

Islande: 16, Chabon.

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bon, kondi mwen menm, kondi dam nan di a afè sitwon an m we plis apiye sitwon an wi.

Tim: Ok, fwi.

Islande: Ok, fwi.

Tim: Ok, # 20?

Islande: # 20

Tim: planch, chabon, fwi

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): veritab m'ta bezwen.

Tim: Ok.

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bon, m'te pale deja m te di mango wa, m'te di mango wa li menm pa bò isi nou te genyen'l an grand kantite, tan pase li vin kraze bagay sa yo, savledi nou ta bezwen repliye'l.

Tim: Ok, 15?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): M'ta pito fwi wi.

Tim: Ou rete a fwi.

Tim: Ok, #41, ou rete a fwi.

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Wi.

Islande: E koman' n tafè chabon?

Vwa Piblik: Nou fèl ak sa'n genyen an ak ti chouk bwa nou genyen yo.

55minit.

Tim: Li okipe tèt li?

[vwa Piblik: wi]

Tim: Oke 18.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, fwi ase fwi aki pi enpòtan pou mwen.

Islande: 41 an te pale?

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): M te pale wi.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): M ta renmen bwa pou yo ta fè planch lan.

Tim: #41 di fwi,

Tim: #17 ap di planch.

Islande: Nou tou de te pale.

Tim: Wi yo tou de.

Islande: oke!

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: Èskize'm wi, m {ka poze yon] gon kesyon?

Tim: Wi ou mèt poze'l.

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: Paske'm la, m santi'm pa alèz paske'm la ou poze tout moun kesyon?

Tim: Menm pa pozow paske ou pat la lè nou te komanse si'w gen gwo koze pou pale ou mèt pale.

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: M'wè {tout} chak moun gon ti bagay nan men yo m'ta sipoze gen youn nan menm tou dekwa poum ka pozow kesyon tou.

Tim: Ou mèt poze kesyon.

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: M mèt poze kesyon, moun yo se mando'w te mande yo.

Tim: Kiyès ou vle genyen entèvansan nan chabon, nan fwi, nan pyebwa ki fè planch?

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: Pyebwa ki fè planch lan?

Marco: Se li'w t'ap chwazi?

Tim: Tout, ou t'ap chwazi planch?

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: Pati planch, pati manje.

Marcos: Nan twa sa Kiyès ou t'ap chwazi? Ou gen chwa pou'w chwazi yon sèl ladan yo you'n ladan yo?

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: Chwazi yonn!

Marco: chwazi yonn?

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: Fwi mango.

Tim: Fwi mango, ki mango?

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: Gwo mango.

Tim: Ki kalite mango?

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: Mango madan blan.

Tim: Madan blan, ok ou panse nou bon? Ok nou pa gen yon bagay nou ta vle ajoute oubyen nou santi ki enpòtan nou dwe konnen? M'pral pote koze sa bay patwon yo wi.

Marco: kenpòt bagay la nou konnen ki enpòtan pou nou wan?

Gason patisipan pa idanifye vini an reta: Nou gen madan fransik.

Tim: Fransik.

Islande: Eee m gon dènye kesyon ki kalite bwa nou itilize pou nou fè manje, èske se chabon nou itilize ou byen bwa nou itilize pou nou fè manje?

[Vwa piblik]: Nou itilize tou de, nou boule bwa, nou boule chabon.

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Nou plis itilize bwa sèch la paske'w konnen e andeyò nap viv.

Islande: Ki bwa konsa nou itilize pou nou kwit manje lakay nou?

[Piblik: kwit manje, tout kalite bwa, bwa sèk]

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bwa kanpèch, bwa din, bwa panyòl tout sa yo nou itilize.

Tim: Nou konn manje lann panye?

[Vwa piblik] : Wi, nou manje'l, Sa se gwo koze'l ye.

Tim: Gwo koze.

Piblik: Wi, gwo koze'l ye li menm

Tim: Men, èske li bon pou lòt bagay, kòm si bwa yo ka fè chabon avè'l?

[Vwa pibli] : Non yo fè panye avèl yo tiyel yo fè panye avè'l.

Tim: Yo fè panye avè'l?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, ou manje fèy la, boujon wan kòm legim, ou fè ji avè'l tou epi lann nan li rèk ou fè panye avè'l.

Tim: Ou fè ji ak fèy yo,

[Piblik: Wi] Tim: Èske gen lot fèy ou konn manje konsa?

[Piblik: Wi]

Tim: Ki lòt fèy?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.):
Epina.

Tim: Non fèy pyebwa?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Fèy
pyebwa, gen, gen fèy doliv.

Tim: Doliv?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.):
Doliv.

Tim: Èske gen ankò?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Son'w bon legim li
ye, Morenga.

Tim: Wi, Morenga.

Tim: Ok, eben nou fini nou di mèsì anpil, sòf si nou gon lòt bagay ou panse nou vle nou
bezwen konnen?

Islande: Èske gen moun nan zòn nan ki konn fè atizana avèk e pye latanye, èske gen
moun nan zòn nan konn fè atizana avèk bagay sa yo?

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): keske
savledi de atizana?

Islande: Ou fè chapo, eee ou fè panye, ou fè siyoka?

[Vwa Piblik: wi]

Islande: En hen!

Piblik: Makout.

Islande: Gen moun ki konn fè yo bò isi a?

[Piblik:Wi]

Tim: Avèk kisa nou fè yo.

{#20} Piblik: Avèk latanye.

Tim: Latanye.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Li paye chèz tou pou chita.

Tim: Chèz tou?

[Piblik:Wi]Ok.

Islande: Bon, nou pa janm di a ki bwa nou fè chèz non?

Piblik: Ak frenn.

Islande: Chèz pay wi?

Piblik: Ak frenn,

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Ak kè palmis.

Marco: Nou kouvri'l avèk kè Palmis?

#2 (Fokis Group Renal, Fi, 68 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non kè palmis la.

Piblik: Kè palmis lan paye chèz la nou tresel.

Marco: Trese.

Tim: Nou pa konn fè kay avèk planch palmis?

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi klise, klisad.

Tim: Wè, klisad.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, kay sa w'ap gade ala se palmis wi klisel.

Tim: Oke ! M wè, sa se palmis?

[Piblik: Wi palmis] Ok.

Islande: A kisa nou fè galta?

[Vwa piblik]: AK planch, planch siye, planch palmis.

Marco: Oke! Si nou santi nou gen yon bagay ki vrèman enpòtan pou nou, nou lib nou kapab di'l Si gon bagay nou wè nou padi'l nan yon kesyon nou pa poze'l sou afè pyebwa yo.

Tim: Sou afè pyebwa, e ki gwo koze ou di de maladi k'ap tonbe sou pyebwa?

Marco: Aprè maladi k'ap tonbe sou pyebwa èske nou pa gon bagay ki pi enpòtan pou nou ke bwa yo.

Tim: 19.

60 minit.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Sa'k pi enpòtan pou nou le'w tande fwi yo pare konsa mango yo pran vè, fòn ta gon bagay pou'n ta repare mango yo, ou konprann? fòk son'w bagay pou ta ban nou pou nou ta repare

mango yo, se kòm si'm te ka di'w se yon bagay ki tonbe sou yo, yon sèl tonbe li tonbe sou pyebwa sa yo, ou te mèt wè mango wa bèl, ou pa jwenn kote pou'w manje'l vè pran li pa bon.

Marcos: Oke! #16, èsko'w gon dènye bagay pou'w di?

#16 (Fokis Group Renal, Gason, 51 ane, 8 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.):
mwen menm, bon m pa gon dènye bagay m pral di non, m sanse kote'n rive a n'ret la.

Marcos: Oke.

Islande: Ok, ban'm di nou yon bagay lè nou wè pyebwa yo konsa, konn gen anpil fwi nou pa vle pèdi ki sa nou konn fè pou sa?

[Vwa piblik]: Nou pa konn fè anyen.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Pase nou pa konn anyen pou'n fè.

Tim: Wi, nou pa konn gen sa?

[Vwa piblik]: Nou pa konn sa pou fè pou yo?

Tim: Nou pa konn gen sa.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Nou pa konn sa pou'n fè pou yo?

Marcos : Sa konn rive bò isi a la?

[Vwa Piblik: wi]

Islande: Èske gen moun bò isi aki espesalman la pou grefe pyebwa?

[Piblik: Non, nou pagen sa] kiyès ki konn grefyè?

Islande: Nou pa konn grefe pyebwa bò isi a?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi, yo grefyè pyebwa paske zoranj si tounen chadèk.

Islande: Kiyès ki konn grefe?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Moun ki sot lòt kote.

Tim: Voye spesyalis? [Vwa Piblik: pale ansanm paka tande]

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Voye enfòmasyon pou yo wè pou yo te ka moutre nou grefyè.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Yo pa fèl pou nou bò isi a, men gen kote ki fèl, m wè gen pye zoranj si yon bò dous yon bò si.

Islande: Men, [touse] Èske nou pa konn fè pye zanmorèt, nou pa konn [plante] grefyè pye zanmorèt.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Berejèn, berejèn nou pa gen yon ajan grefaj, moun ki fè yo pou nou.

Islande: En! Anyen, Men gen moun ki konn fè'l nou pa konnen?

[Piblik: Wi]

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Lòt kote?

Islande: Non nan zòn nan m'ap pale.

[Piblik: nan pa genyen]

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Bon gen moun ki konn fè'l.

Islande: Gen moun ki konn fè'l #19?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

Islande: kiyès, ki konn vin fèl nan zòn nan?

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Eeee lòt la te konn vin fèl, Map di'w wi.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Vigo.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, pa gen edikasyon.): Denyèl avèk vigo

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 timoun, mason, ebenis, 4èm segondè.): Wi, sa e nan lòt zòn e nan fanò.

Islande: Ebyen se pa nan menm renal la toujou.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Wi.

[Vwa piblik] : Non se pa nan renal]

Islande: kot Phanor ye?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Sou kafou chal, savledi nou konn mande yo sèvis nou konn peye yo lajan yo pou yo vini fè sa pou nou pou lajan.

#19 (Fokis Group Renal, Gason 71 ane, 9 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Menm vini yo pa vini.

Islande: Konbyen lajan nou konn peye yon moun konsa pou grefye yon pyebwa pou nou?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Nenpòt 250 goud, 200 goud.

Tim: Ou fè, ou fè, Ou peye pou sa?

Islande: Ki pyebwa'n konn fè sa.

Tim: Èske'w te peye yon moun yon lè pou'w fè sa?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Non, m te gon moun yon lè ki te bezwen fè sa mwen t'al chache yon moun mennen ba li pou fè'l pou li.

Tim: Èske gen moun ki peye yon moun pou grefye yon pyebwa sou tèl?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Wi.

Tim: Kiyès ki fèl?

Marco: OK, nan moun ki chita la yo nan moun ki chita la yo ?

Tim: Pa gen yon moun isit?

Piblik: Non.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Gen vwazin ki fè'l la kotem.

Tim: Ok, vwazin ok.

Islande: kisa'l te grefye?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Zoranj, zoranj si.

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Vwazin nan.

Islande: En hen!

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): li fè tounen zoranj dous.

Islande: Tout pyebwa ou byen yon bò?

#17 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 3 Timoun, Mason, Ebenis, 4èm segondè.): Tout nèt li te fè li koupe'l nan senti epil fè'l.

Marcos: Ok, ann koutinye menm jan ok #20 ou pa gen yon dènnye bagay w'ap di ankò?

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Non, tout sa'w wè mesye yo di yo mwen apiye mesye.

Marcos: Oke #5!

#5 (Fokis Group Renal, Gason, 63 ane, 7 Timoun, kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Eee non nou pa t'ap lonje kesyon an piske davantaj paske tout sa nou di yo tout enpòtan ni ou menm ni ou menm tou m wè tout enpòtan.

Marco: Ok #15?

#15 (Fokis Group Renal, Fi, 32 ane, 2 Timoun Komèsant 6 èm ane fondamantal.): Non m'ret {dakò} ak sa tout sa nou di a, mwen wè li enpòtan.

Marcos: Oke, #41!

Islande: Si'm ta poze

#41 (Fokis Group Renal, Fi, 42 ane, 4 Timoun, Komèsant, Pa gen edikasyon.): Sa yo di a mwen apiye'l wi {toujou} nou tout se menm bagay.

[Piblik: Nou tout apiye]

Islande: Si'm ta poze nou yon dènnye, dènnye, dènnye kesyon avan nou ale, kisa nou plis plante bò isi a?

[Vwa Piblik: Bannann, anm, kann, patat, pwa]

Islande: Okeee!

Islande: ki pwa?

[Vwa piblik] : Pwa nwa, pwa kongo, pwa tyous.

Tim: Pou nou sa'k pi enpòtan, jaden ou byen pyebwa yo?

[Vwa piblik] : Jaden.

Tim: Ok, Sa'k pi enpòtan jaden ou byen elvaj?

[Vwa Piblik: Elvaj, jaden an enpòtan elvaj la enpòtan].

Patisipan pa idantifye: Sou'w gen jaden an fò'w fè elvaj la.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Ou pa ka viv san jaden an ou paka viv san elvaj la tou, fò'w genyen'l.

Tim: Ok.

Islande: Sak fè sa, Sak fè sa?

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Sak fè sa, pou kounya la ou fon'w jaden on bèl jaden ou gon kabrit la ou pa gen kòb ou rale'l.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): W'ap vann kabrit la pou achte plan met nan jaden an.

#20 : Ou vann ni pou achte plan met nan jaden an.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Pou'w achte plan anm, pou'w achte.

#20 (Fokis Group Renal, Gason, 90 ane, 4 Timoun, Kiltivatè, Pa gen edikasyon.): Pou'w achte kove eksetera

Tim: Se bèt ki peye sa?

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Wi, wi.

#18 (Fokis Group Renal, Gason, 37 ane, 2 Timoun, Pwofesè, Filo.): Bèt la m'ap vann e li'm genyen e li'k pou mwen.

Tim: Ok.

Islande: Oke!

Tim: OK, nou dim.

64 minit.

Renal **Bwa** 15/02/18